

# BIWO EVÈNMAN ESPESYAL YO



Office of  
Special Events

## KIYÈS NOU YE

Biwo Evènman Espesyal yo (Office of Special Events, OSE) asire l ke moun ki vle òganize yon evènman espesyal nan Vil la gen bon pèmi, lisans, ak asirans pou yo fè sa. Nou se “yon grenn kote” nan Vil Filadèlfi a pou jwenn tout bagay pou evènman espesyal yo. Depi nan parad ak festival jouk rive nan kous ak regata, nou disponib pou reponn kesyon, egzamine aplikasyon yo, fasilite jwenn pèmi epi kowòdone sèvis Vil la.

## KISA NOU FÈ

Responsablite Biwo Evènman Espesyal yo (OSE) te elaji anpil toutbon nan ane ki sot pase yo. Anplis de resevwa aplikasyon, bay pèmi, bay fakti epi founi sèvis Vil la, OSE te elaji efò sansibilizasyon kominotè yo lè li ofri konsiltasyon an pèsòn ak konsiltasyon vityèl pou pwodiktè fiti evènman yo epitou prezantasyon enfòmasyon bay ni manm kominote a ni anviwònman kolèj yo.

Epitou OSE responsab pou prepare ak egzekite RFP yo pou evènman espesyal masif yo nan non Vil la. Efò pase yo gen ladann Draft NFL 2018 la epi Festival Mizik Made in America a.

## KIKOTE NOU PRALE

OSE mete tèt li nan yon pozisyon kontribitè vital pou efò maketing Filadèlfi grasa pwomosyon sektè evènman espesyal Vil la. Grasa efò OSE yo, Asosiyasyon Entènasyonal pou Festival ak Evènman (International Festival & Events Association, IFEA) te nonmen Vil Filadèlfi an yon "Vil Mondyal Festival ak Evènman" sis ane youn dèyè lòt.

Sektè evènman espesyal Filadèlfi an ak grandi deplizanpli, epi Biwo Evènman Espesyal yo pral jwe yon wòl premye plas nan ranfòsman kapasite Vil la pou evènman nan senplifye e rann pi efikas kowòdinasyon ant ajans yo, nan ogmante efò angajman kominote a e biznis yo, ak nan dirije rechèch sou pi bon pratik minisipal entènasyonal yo.

### KESYON YO POZE SOUVAN

---

#### Èske evènman mwen an egzije yon pèmi nan men Vil Filadèlfi?

Nenpòt evènman k ap fèt sou pwopriyete Vil la (lari yo, twotwa, pak yo, elatriye) mande pou gen yon pèmi. Nenpòt evènman ki nesese ekipman Vil la ak/oswa sèvis ki depase nivo nòmal (Lapolis, EMS, Sanitasyon, elatriye) pou li reyalize avèk siksè mande pou gen yon pèmi tou. OSE ka reponn tout kesyon anrapò avèk evènman ou ka genyen nan 215-686-3488 oswa pa imèl nan [ose@phila.gov](mailto:ose@phila.gov).

#### Kòman pou m jwenn yon pèmi pou itilize yon pak oswa yon sant lwazi?

Nan ka sa, Depatman Pak ak Lwazi (Department of Parks & Recreation) ap gen responsablite pou pèmi an. Se Biwo Evènman Espesyal Pak ak Lwazi (Parks & Recreation Special Events Office) nan nimewo 215-685-0060 ki okipe piknik ak evènman espesyal ak festival masif yo. Etablisman ou vle itilize a okipe dirèkteman evènman atletik ak lòt evènman ti dimansyon yo.

#### Kòman pou m jwenn yon pèmi pou fèmen lari yo nan Vil la?

Èske ou planifye òganize yon fèt nan blòk katye rezidansyèl? Depatman Lari yo (Streets Department) okipe aplikasyon sa yo nan 215-686-5500/5501. Festival nan lari yo, ki defini kòm evènman yon biznis oswa yon òganizasyon patwone e/oswa k ap fèt sou yon gwo wout oswa yon koridò komèsyal, mande pou gen yon Aplikasyon Fèmti Lari pou Festival. Se OSE ak Depatman Lari yo ki travay sou aplikasyon sa yo. Depatman Lapolis ak SEPTA dwe apwouve aplikasyon pou Fèmti Lari pou Festival yo anvan yo kapab bay yon pèmi.

#### Kòman m ka vin yon vandè nan evènman espesyal yo nan Filadèlfi?

Se òganizasyon prive yo ki pwodui ak jere pifò nan pakèt evènman yo nan Filadèlfi. Vandè ki vle patisipe nan evènman sa yo dwe jwenn otorizasyon an toudabò nan men pwodikte/òganizatè evènman an. Sit entènèt evènman yo ak pwogram medya sosyal yo se yon bon sous pou enfòmasyon pou pran kontak. Si w bezwen jwenn yon lisans kòm vandè, ou dwe soumèt aplikasyon ki nesese yo ba Depatman Lisans ak Enspeksyon (Department of Licenses & Inspections) ak ba Depatman Sante (vandè manje/bwason sèlman).

#### Èske Vil Filadèlfi bay sèvis sipò pou evènman espesyal yo?

Vil Filadèlfi kapab bay yon kantite sèvis sipò pou evènman espesyal yo, ki gen ladan, men se pa yo sèlman, sa ki annapre la yo:

- Sistèm Son
- Sèvis Sanitasyon
- Kouvèti Lapolis ak EMS
- Fè Vandè Ilegal yo Respekte Lalwa

## BIWO EVÈNMAN ESPESYAL YO

OSE responsab pou kowòdone sèvis ak ekipman Vil la pou evènman espesyal yo, epi nou fè sa anpasan pa Aplikasyon pou Evènman Espesyal Vil Filadèlfi. Nou dwe fè remake gen yon frè pou sèvis sa yo epi òganizatè evènman yo resevwa bòdwo pou tout sèvis yo rann yo. Yo bay estimasyon pri yo sou demann.

### Èske gen nenpòt konsèy pou planifye evènman mwen nan Filadèlfi?

Absoliman. Premye bagay toudabò, fòk ou garanti lokal ou vle a anvan ou pran angajman oswa kòmanse kanpay maketing ou. Si evènman ou an ap fèt sou pwopriyete Vil la, ou bezwen yon pèmi. Si evènman ou an ap fèt sou pwopriyete prive, ou bezwen otorizasyon (alekri) nan men pwopriyete a.

Maladi ki transmèt nan manje yo se yon pwoblèm grav epi yo pa dwe pran yo alalejè. Lè w ap chwazi vandè pou evènman ou an, asire w ke yo gen lisans apwopriye nan Depatman Sante ak Lisans ak Enspeksyon.

Mete depans ki gen rapò ak Vil la nan bidjè evènman ou an, sa gen ladan tout frè pou aplikasyon/pèmi ki aplikab yo epi depans pou sèvis obligatwa Vil la (kouvèti Lapolis/EMS, enspeksyon sèvis manje, sèvis sanitasyon, elatriye)

Si w vle planifye yon konsiltasyon avèk yon reprezantan nan biwo nou an, pou fè sa, ou kapab rele biwo nou an nan 215-686-3488 oswa nan imèl nan [ose@phila.gov](mailto:ose@phila.gov)

Manadjè Administratif

## RETE KONEKTE

---

### Ou vle rete konekte?

Swiv nou sou rezo sosyal yo epi vizite sitwèb nou an pou jwenn nouvèl ak mizajou ki pi resan yo nan tout Vil la ak sa ki anrapò ak evènman yo.

Sit entènèt: [phila.gov/OSE](http://phila.gov/OSE)

Facebook: [Evènman Espesyal MDO Filadèlfi](https://www.facebook.com/EvenmanEspecyalMDOFiladelfi)

Twitter: [@phillymdoevents](https://twitter.com/phillymdoevents)

Instagram: [@phillymdoevents](https://www.instagram.com/phillymdoevents)

**BIWO EVÈNMAN ESPESYAL YO**



*Festival Atistik Manayunk avèk J. Fusco*